



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 2 oktòb 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TOUT PREMYE RÈGLEMAN INIFÒM NAN TOUT ETA POU KONBAT ATAK SEKSYÈL SOU KANPIS KOLÈJ NEW YORK YO

Sou demann Gouvènè a, Konsèy Administrasyon SUNY vote pou etabli yon seri pratik inifòm konpreyansif nan tout eta pou konbat atak seksyèl sou kanpis kolèj yo

Konsèy Administrasyon an nome Linda Fairstein kòm konseye espesyal pou aplike règleman a repons ak prevansyon atak seksyèl

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Inivèsite Eta New York (SUNY) pral mete anplas yon seri pratik inifòm konpreyansif nan tout eta pou konbat atak seksyèl sou kanpis SUNY yo.

Gouvènè a te patisipe jodia nan reyinyon konsèy administrasyon SUNY, e sou demann li konsèy la te pase yon [rezolisyon](#) pou etabli yon seri règleman ke chak kanpis SUNY pral adopte osijè prevansyon ak repons atak seksyèl. Rezolisyon an enkli aplike yon definisyon inifòm nan ansanm sistèm lan sou konsantman ki egzije ant patisipan yo anvan yo angaje nan aktivite seksyèl, yon règleman iminite pou pwoteje etidyan yo kap vin rapòte atak seksyèl; yon pwogram fòmasyon nan tout eta pou lapolis ak administratè yo sou kanpis yo osijè fason pou fè fas a ensidan atak seksyèl; yon kanpay piblik pou ogmante sansibilizasyon pami etidyan ak paran yo; ak yon pwojè lwa inifòm viktim atak seksyèl yo ki pral, nan yon langaj klè ak spesifik, enfòme yon etidyan sou dwa l apre yon atak enkli opsyon pou apwoche lapolis Eta.

Rezolisyon SUNY jodia se premye nan yon seri etap Gouvènè Cuomo te souliye pou konbat atak seksyèl sou kanpis kolèj yo. Gouvènè a te anonse li pral travay pou adopte menm standa lejislativman pou tout kolèj prive New York yo.

“Te gen yon epidemi vyolans seksyèl nan peyi sa ki reyèlman enkyetan e li se yon pwoblèm sou kanpis kolèj nou yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè a rive pou New York abòde sa ki se yon sijè difisil, enkonfòtab epi ouvè wout la, e se egzakteman sa rezolisyon ki pase jodia pa konsèy administrasyon SUNY an pral fè. Sa a pa sèlman yon pwoblèm SUNY, men SUNY ka ouvè wout la e SUNY ka refòme sekirite sou kanpis li yo kidonk nou ka pi byen pwoteje etidyan nou yo, epi fè kominote inivèsite nou an vini yon kote ki pi ansekirite pou timoun nou yo.”

Haitian Creole

Prezidan Konsèy Administrasyon SUNY H. Carl McCall te deklare, “Kenbe etidyan nou yo ansekirite se priyorite nimewo en SUNY, e nou rekonesan pou sipò kontinyèl Gouvènè a kòm nap kenbe sou pwomès sekirite nou yo ak sekirite chak nan 64 kanpis nou yo. Etabli yon seri pratik prevansyon ak repons konpreyansif a atak seksyèl ki pral konsistan nan tout SUNY yo pral asire ke sistèm nou an kontinye pou l yon lidè nasyonal non sèlman nan konfòmite men egalman nan bay bon jan kalite sipò efikas pou tout etidyan yo.”

Chanselye SUNY Nancy L. Zimpher te deklare, “SUNY angaje pou bay pi bon zouti, resous, ak sèvis pou etidyan yo pou pwoteje yo kont atak seksyèl epi sipòte yo nan ka yon ensidan ta rive. Gouvènè Cuomo te ede nou devlope yon plan konpreyansif pou ogmante sansibilizasyon ak fòmasyon lapolis ki pral konplete efò nou ki egziste deja epi amelyore wòl lidèchip nasyonal nan konbat vyolans ak atak seksyèl. Nou fyè pou n aplike nouvo règleman sa an patenarya avèk Gouvènè a ak prezidan nan chak nan 64 kanpis kolèj ak inivèsite nou yo nan Eta New York.”

Lori Mould, Prezidan Asanble Etidyan SUNY ak Administratè SUNY, te deklare, “Etidyan SUNY yo sipòte Gouvènè Cuomo nan efò l pou mete fen nan vyolans seksyèl sou kanpis yo. Nan garanti yon anviwonman kanpis ki ansekirite, Gouvènè a ak SUNY ap ede pou asire ke nou menm antanke etidyan ka konsantre sou edikasyon nou ak yon lavni ki gen siksè. Nou gen chans dèske nou fè pati de yon sistèm edikasyon siperyè ki te pran yon gwo pozisyon konsa sou kesyon an, e nou aplodi Gouvènè a sou desizyon l pou pran pi bon pratik ke yo jwenn nan enstitisyon nou yo nan echèl atravè eta.”

Direktè Egzekitif Inyon Libète Sivil New York Donna Lieberman te deklare, “Atak seksyèl se yon atak sou diyite ak otomomi endividyèl. Pwopozisyon Gouvènè Cuomo a voye yon mesaj klè bay otorite kolèj ak inivèsite yo ke yo dwe asire sekirite ak sovgade dwa etidyan yo kap soufri atak seksyèl sou kanpis yo. Nouvo rezolisyon sa pral bay otorite yo zouti yo bezwen pou ede sivivan yo rebran kontwòl lavi yo.”

Gouvènè a jodia te egalman anonse ke Konsèy SUNY, sou rekòmandasyon l, te nome Linda Fairstein pou sèvi kòm konseye spesyal pou enplemantasyon règleman repons ak prevansyon atak seksyèl. Linda Fairstein se youn nan premye ekspè legal sou krim atak seksyèl ak vyolans domestik. Li te dirije Inite Krim Sèks nan Biwo Avoka Distri a nan Manhattan pandan venn-senk ane. Aktyèlman yon chèchè nan Kolèj Ameriken Avoka Pwokirè, li diplome nan Vassar Kolèj ak Inivèsite Lekòl Dwa Virginia.

Ou ka jwenn rezolisyon an [la](#), e enkli:

- **Definisyon Inifòm sou Konsantman:** Tout kanpis SUNY yo pral adopte yon sistèm definisyon nan tout eta sou konsantman afimatif kòm yon akò ki klè, san ekivòk, ak volontè ant patisipan yo pou angaje nan aktivite seksyèl spesifik. Definisyon inifòm la se sa ki annaprè a: “Konsantman an klè, koni ak volontè. Konsantman an aktif, pa pasif. Silans, nan li menm pa kapab entèprete kòm konsantman. Yo ka bay konsantman pa mo oswa aksyon, otanke mo oswa aksyon yo kreye otorizasyon klè ki mityèlman konpreyansib nan sa ki gen rapò pou angaje nan (ak kondisyon yo) aktivite seksyèl. Konsantman a nenpòt fòm aktivite seksyèl pa kapab otomatikman enplike konsantman a nenpòt lòt fòm aktivite seksyèl. Relasyon anvan oswa konsantman anvan pa kapab enplike konsantman a pwochen zak seksyèl.”

- **Règleman Inifòm Amnisti pou Ankouraje pote rapò:** Kanpis SUNY pral akòde iminite pou dwòg, alkòl, ak vyolasyon nan kòd kondwit lòt etidyan pou etidyan yo rapòte ensidan atak seksyèl oswa lòt vyolans seksyèl.
- **Fòmasyon konpreyansif nan tout eta pou lapolis kanpis ak administratè kolèj yo:** SUNY, ap travay avèk eta, pral fè fòmasyon ki kowòdone nan tout eta avèk tout kanpis SUNY yo, enkli fòmasyon pa Lapolis SUNY ak lapolis Eta pou sekirite sou kanpis yo nan pi bon pratik pou planifye sekirite sou kanpis yo ak sansibilite viktim, ansanm avèk fòmasyon pa avoka SUNY pou administratè kolèj ak adjidikatè yo sou prevansyon ak adrese vyolans seksyèl ak fason pou amelyore konfòmite avèk lwa federal yo ki egziste deja. Tout kanpis SUNY yo pral enstore fòmasyon inifòm pou etidyan yo nan tout oryantasyon premye ane a.
- **Kanpay Sansibilizasyon Piblik nan Tout Eta:** SUNY pral antreprann yon seri kanpay sansibilizasyon piblik nan tout eta, kowòdone avèk Eta, pou ogmante sansibilizasyon pami etidyan kolèj yo, etidyan lekòl segondè, ak paran, teknik sekirite ak prevansyon ansanm avèk enpòtans entèvansyon spektatè nan nenpòt sitiyasyon danjere.
- **Pwojè Lwa sou Viktim Atak Seksyèl:** Tout kanpis SUNY yo pral adopte lajman yon pwojè lwa piblik ak inifòm sou viktim atak seksyèl yo ki pral spesifikman enfòm viktim atak seksyèl yo sou dwa yo pou rapòte atak seksyèl bay lapolis lokal sou kanpis la oswa lapolis eta. Pwojè lwa pral egalman enfòm etidyan yo sou fason pou yo gen aksè a resous spesifik viktim ki sou kanpis la resous ki gen ladan fason pou jwenn yon òdonans restriksyon ak fason pou jwenn konsèy sou sèvis sipò sante ak legal.
- **Konfidansyalite Inifòm ak Pwotokòl pou rapòte pou tout Kanpis SUNY yo:** Pou asire ke tout kolèj yo ap swiv pi bon pratik e menm seri standa ak pwotokòl yo anplas nan chak kanpis, tout kanpis SUNY yo pral adopte yon laj sistèm inifòm konfidansyalite ak pwotokòl pou rapòte. Konfidansyalite inifòm ak pwotokòl pou rapòte pral ankouraje notifikasyon rapid ak prezis pou rapòte zak atak seksyèl, ede kominote kanpis la pou reponn rapidman a akizasyon atak seksyèl, epi asire ke etidyan yo gen enfòmasyon prezis atan osijè resous konfidansyèl ki disponib
- **Evalyasyon Inifòm Klima Kanpis:** Tout kanpis SUNY yo pral fè evalyasyon sou klima nan fason pou yo evalye prevalans atak seksyèl sou kanpis yo, teste atitud etidyan yo ak sansibilizasyon sou kesyon an, ak bay kolèj/inivèsite yo enfòmasyon pou ede yo fòme solisyon pou adrese ak prevni atak seksyèl nan ak andeyò kanpis la.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
 Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
 PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole